



Pou Piblikasyon Imedya: 04/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON NAN PWOJÈ REZILYANS NAN KONTE JEFFERSON

Amelyorasyon 1.1 milyon dola nan County Road 6 nan Vil Cape Vincent pral kenbe aksè pou mèt kay yo ak redui antretyen sou wout konte a

Nan Kad Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik 300 milyon dola Eta New York la

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse kòmansman konstriksyon nan yon pwojè rezilyans yo te akòde ak Konte Jefferson, nan kad [Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik \(Resiliency and Economic Development Initiative, REDI\)](#) Eta New York la. County Road 6 ki sitiye sou rivaj Lak Ontario a nan Vil Cape Vincent, ant Vilaj Cape Vincent ak Tibbets Point, bay aksè ak rezidans lokal yo ak Fa Tibbets Point lan. Wout la ak akotman li soufri ewozyon rivaj ak depo debri ki asosye ak inondasyon, van ak aksyon vag yo epi espesyalman vilnerab, piske li sitiye dirèkteman nan Rivyè St. Lawrence ak fen lès Lak Ontario a. Inondasyon ak tanpèt yo anpeche itilizasyon wout la ak sekirite rezidan yo k ap vwayaje sou wout sa a, ki oblije ekip Depatman Otowout (Highway Department) nan Konte Jefferson ak Vil Cape Vincent pou kontwole epi fèmen, netwaye, ak repara wout la detanzantan.

Rezidan yo preyokipe sou zafè pou yo ta pèdi aksè sekirite ak kay yo lè y ap deplase sou wout la piske seksyon nan akotman yo te andomaje. Komisyon REDI a te bay Konte Jefferson 1.1 milyon dola pou repara pati ki degrade sa yo nan County Road 6.

Mezi reliyans yo ki pral aplike nan pwojè sa a gen ladan reparasyon rivaj la nan seksyon County Road 6 ki afekte yo ak reparasyon akotman wout la. Reparasyon yo nan rivaj la ap fèt atravè plasman wòch lou ki pral bay pwoteksyon kont van, vag ak glas. Pwojè ki fini an pral bay pasaj wout ki pi sekirite ak redui antretyen Depatman Otowout la nan Konte ak Vil la ki gen rapò inondasyon yo.

"Kominote bò dlo yo nan tout Lak Ontario a ak Rivyè St. Lawrence te fè fas ak gwo defi nan ane resan yo, men Eta New York ap montre chemen an pou ede yo reziste pi byen kont efè chanjman klimatik yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè County Road 6 la nan Konte Jefferson pral adrese domaj ke inondasyon ak evènman move tan yo lakòz epi ede rekonstwi pi byen ak pi solid. Gen yon enfrastrikti amelyore enpòtan pou ede asire biznis ak rezidan nou yo san danje ak kontinye ranfòse ekonomi an pou lavni".

Komisè Depatman Transpò Eta (Department of Transportation, DOT), Marie Therese Dominguez, te deklare, "Rezidan Konte Jefferson yo te dirèkteman viv enpak gwo move tan avèk inondasyon, efè andomajan vag yo ak ewozyon - tout sa yo afekte wout yo ak enfrastrikti a. Atravè Komisyon REDI a ak patnè eta ak lokal nou yo, Depatman Transpò a kontinye rekonstwi yon rezo transpò ki pi rezistan pou kominote yo sou Rivyè St. Lawrence ak Lak Ontario - youn ki pral pi byen reziste ak enpak chanjman klimatik yo ak pèmèt deplasman san danje, san entèripsyon pou rezidan ak pèsònèl ijans yo".

Gil C. Quiniones, prezidan ak direktè jeneral NYPA, te deklare, "North Country te nan premye liy efè chanjman klimatik yo avèk ogmantasyon nivo dlo ak inondasyon yo. Nou menm, nan NYPA, kontan pou sipòte Komisyon Rezilyans ak Devlopman Ekonomik la nan efò li pou ede kominote lokal yo rekipere ak rekonstwi pi djanm nan envesti nan pwojè enfrastrikti tankou sa nan Cape Vincent".

Senatè Eta a, Patty Ritchie, te deklare, "Lè timoun mwen yo te pi jèn, youn nan aktivite dete prefere nou se te rete nan Cape Vincent epi monte bekàn ale nan Fa Tibbets Point lan, yon destinasyon ki plen avèk istwa ak bèl panorama ke anpil moun jwi chak ane. Sa fè mwen plezi wè travay konstriksyon sou amelyorasyon enpòtan sa yo nan County Road 6 ak Tibbets Point. Yon fwa li fini, wout la pral pi byen pwoteje kont gwo dlo ak anplis, touris, rezidan ak pèsònèl ijans yo pral gen yon wout ki pi fyab ak sekirite pou deplase sou li pandan y ap vizite Fa a ak lòt destinasyon".

Manm Asanble, Mark Walczyk, te deklare, "Depi 2017, nou te wè kijan inondasyon te devaste enfrastrikti rejyon an epi li esansyèl pou nou asire wout yo ekipe pou fè fas ak sitiyoasyon gwo dlo alavni. Pwojè REDI Tibbets Point lan pral rafèmi rivaj la pou li ka pi byen pwoteje pou reziste kont inondasyon alavni. Rezidan Cape Vincent yo k ap deplase sou mòso wout sa a chak jou pral benefisye investisman saj sa a nan fon eta a".

Prezidan Konte Jefferson, Scott Gray, te deklare, "Rekonstriksyon County Route 6 la ke yo konnen kòm Tibbets Point se yo kontinyasyon rekonstriksyon rezistan sou rivaj nou yo nan Rivyè St Lawrence ak Lak Ontario pou pwoteje pasaj nou yo pandan sitiyoasyon gwo dlo ak ewozyon akotman wout la ak rivaj la. Pwojè REDI yo se yon efò kolaborasyon ant Eta New York, Konte Jefferson ak vil lokal yo pou kontinye amelyore kominote bò dlo nou yo pou plizyè ane alavni".

Sipè-entandan Otowout Cape Vincent, Bill Pond, te deklare, "Vil Cape Vincent fyè pou travay avèk Konte Jefferson ak sipòte li atravè sèvis asiste yo, pou fini pwojè REDI Tibbets Point lan. Yon fwa li fini, li pral bay kominote a yon lapè nan lespri ki pral pèmèt yo kontinye jwenn aksè ak kay yo menm pandan inondasyon ak tanpèt. Se yon gwo egzanp patenarya pozitif ant gouvènman Vil, Konte ak Eta".

Majistra Vilaj Cape Vincent, Jerry Golden, te deklare, "Vilaj Cape Vincent te gen chans anpil dèske yo te resevwa finansman atravè pwojè REDI Eta New York la ki pral fini pifò reparasyon ki trè nesèsè sou bò dlo nou an. Se yon moman ki vrèman eksitan

pou wè pwojè sa yo ap vanse epi ap travay pou fini. Konsèy vilaj la ak mwen menm eksite tou pou wè pwojè yo k ap vanse nan Vil Cape Vincent. Travay la ki te pwograme pou County Road 6 nesese anpil epi gen non sèlman rezidan nan kominote a ki pase sou li anpil men tou gen plizyè milye touris ki vini vizite nou chak ane. Vilaj ak Vil la travay depre sou anpil pwojè epi mwen kontann wè yon lòt k ap vanse. Travay k ap fèt jodi a ta dwe pwoteje bò dlo presye nou an pou tout moun ka jwi pandan bon tan alavni. Mwen ta renmen remèsye tout moun ki enplike nan ede kominote nou yo atravè pwosesis sa a".

Nan repons ak chema inondasyon pwolonje nan tout bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo, Eta New York te kreye REDI a pou ogmante rezistans kominote sou rivaj yo epi estimile devlopman ekonomik nan rejyon an. Yo te etabli senk (5) Komite Planifikasyon Rejyonal (Regional Planning Committes) REDI yo, ki gen reprezantan ki soti nan uit (8) Konte (Niagara ak Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga ak Oswego, ak Jefferson ak St. Lawrence) pou idantifye priyorite lokal yo, enfrastrikti ki gen risk ak lòt resous yo, ak enkyetid konsènan sekirite piblik la.

Komisyon REDI a te atribye 20 milyon dola pou bay pwopriyetè kay yo asistans, 30 milyon dola pou amelyore rezilyans biznis yo, ak 15 milyon dola pou yon efò dragaj rejyonal ke chak nan uit (8) konte nan rejyon REDI yo ap benefisye. Yo te atribiye balans 235 milyon dola ki rete a, bay pwojè lokal ak rejyonal ki fè avanse epi montre egzant mision REDI a.

Depi kreyasyon pwogram REDI Eta a nan sezon Prentan 2019 la, 134 pwojè lokal ak rejyonal REDI finanse yo kòmanse, sa ki gen ladan 87 pwojè nan faz konsepsyon, 21 pwojè nan faz konstriksyon ak 26 pwojè ki fini.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, pwofil pwojè yo ak nouvèl sou REDI klike [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)